ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЫМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЫАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№46 (23.860) ● 2019 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 23, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и Советым и Секретарь Патрушев Н. П. щэбэт кІуам зэІущІэ щригъэкІуэкІащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым. Абы хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В.

Урысейм Шынагъуэншагъэмкіэ и Советым и Секретарь Патрушев Николай, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Матовиков Александр, федеральнэ округым хыхъэ щІыналъэхэм я унафэщІхэр, къэралым и министерствэ, ведомствэ щхьэхуэхэм я лІыкІуэхэр щІыгъуу, мэлыжьыхьым и 19-м Мэхъэчкъалэ щригъэкІуэкІащ гъэсныпхъэ-энергетикэ комплексым хьихьэ Іэнатіэхэм энергие и лъэныкъуэкІэ шынагъуэншагъэр къыщыззгъэпэщыным теухуа Іуэхугъэр щызэпкърахаз зэІущІэ.

ЗЭІУЩІЭМ кърихьэлІэхэр тепсэлъыхьащ гъэсныпхъэ-энергетикэ Іэнатіэм щыкІагъэсэбэп Іэмэпсымэхэр жьы дыдэ зэрыхъуам, шынагъуэншагъэр къыззгъэпэщыным хуэгъэпса хабзэхэм зэребакъуэм, электрокъарурэ газу ахэр зэрыкІуэ кІапсэхэмрэ бжьамийхэмрэ щыкІуэдыр мардэм куэдкІэ зэребгэкІым, Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм я энергетикэ Іэнатіэхэм щІэпхъаджагъэ куэд зэрыщыщалэжьым, псэупІэ-комунальнэ хозяйствэм и Іэхуэщ1апІэхэмрэ цІыхухэмрэ энергоресурсу къагъэсэбэпам пэкІуэ ахъшэр ямыту зэрызэтрихьэм. Гуп1ыитэ хэха хуащІащ энергоресурсхэр хабзэр кьызэпауду къззыгъэсэбэпхэм яп1щІэтыным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм, апхуэдэуи къэралым бжьамийхэм, тек зэрыкІуэ кІапсэхэм зыпызыдзэурэ ахэр къззыдыгъу щІэпхъаджащІэ гупхэм зэхащІыхьхэр къыззпыудыным.

Апсом къадэкІуэтепсэлъыхьащ жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэІызыгъэхьэну хущІэкъуэм я Іэхуэщ1афэхэр къызэпыудыным хуэунэтІауэ щыІэ Іэмалхэм.

УФ-м Шынагъуэншагъэмкіэ и Советым и пресс-Іуэхущ1апІэм къызэриТам ипкъ иткІэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зззыгъэуІу зэІущІэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ къащтам, хэтхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зззыгъэуІу зэІущІэм хэтхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэр щыхъумэнымкІэ зэпымыууэ лажьэ зззыгъэуІу зэІущІэм хэтхэм я Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №152-УГ-мкІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) зззыгъэуІу зэІущІэм хэгъэхьэн Лыхь А. Ч. - Тезырхэр егъэпшынныныкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр (зэгурыІуэу);

б) зззыгъэуІу зэІущІэм къыхэгъэкІыжын Бырмамыт Ч. Хь., Устэ В. Хъ. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м
№30-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м къыдигъэкІа Указ №151-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкІэ и советым хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м къыдигъэкІа Указ №151-УГ-мкІэ къащтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Советым хэгъэхьэн Лыхь А. Ч. - Тезырхэр егъэпшынныныкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр (зэгурыІуэу);

б) Советым къыхэгъэкІыжын Алэкъэй А. М., Бырмамыт Ч. Хь., Устэ В. Хъ. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м
№31-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм яп1щІэтыныныкІэ и комиссэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІа Указ №153-УГ-мкІэ къащтам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм яп1щІэтыныныкІэ и комиссэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм яп1щІэтыныныкІэ и комиссэм хэтхэр къэщтэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 8-м къыдигъэкІа Указ №153-УГ-мкІэ къащтам, мыпхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) Комиссэм хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Лыхь А. Ч. - Тезырхэр егъэпшынныныкІэ федеральнэ къулыкъушІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр (зэгурыІуэу)

Ткачёв Е. А. - Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къегъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр;

б) Къумыкъу І. М. и къулыкъум зэреджэр мыпхуэдэу къхьын: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрыр»;

в) Комиссэм къыхэгъэкІыжын Канунников В. А., Устэ В. Хъ. сымэ.

2. Мы Указым кьару егъуэт абы Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 18-м
№32-УГ

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Лъэпкъым и напэ анэдэлъхубзэ

КъыдэкІуэтей щІэблэм я анэдэлъхубзэр фІыуэ егъэлъагъуным хуэунэтІауэ ди щІыналъэм лэжьыгъэ ин щокІуэкІ. Щэч хэмылъу, абы и къызэгъэпэщакІуэхэм фІыуэ къагъроІуэ къызыхэкІа лъэпкъым и тхыдэр щІыхухэм ямышІэмэ, анэдэлъхубзэр яІурымыпльмэ, нобэмрэ пщэдеймрэ я зэпыщІэныгъэр зэрызэпычынур.

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм къыхилъхьэу «Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и напэщ» фІэщыгъэм щІэту иджыблагъэ иригъэкІуа Іуэхур адыгэр щыпсэу щІыпІэ псоми бзэр щыхъумэным, ар щІэблэм яІурылъу къзгъэтждэным хуэунэтІащ. Абы къыхашэр сабийхэм я закъуэкъым, атІэ адэ-анэхэри нэхъыжьхэри жэуапльныгъэ пылъу а лэжьыгъэм хэтыным къыхураджэ.

А проектым ипкъ иткІэ «Бзэр тхъумэфэмэ, пъэпкъри хъурэ хъунущ» фІэщыгъэр иІэу къызэрагъэпэща «стІол хъурейм» КъБР-м, АР-м, КъШР-м, Краснодар, Ставрополь щІыналъэхэм, Сирием, Иорданием, Израилым, Европэм и къэралыгъуэхэм я лІыкІуэхэр хэтащ.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ зыужьныгъэ ин зыгъуэта дунейм лъэпкъ мыинхэм зэрызыщахъумэжьну Іэмалхэм, адыгэм и щэнхабзэ къулейр хэІущІыу зэращІыпхъэм, щІэблэр хабзэм тету зэрыпплыну хэкІыпІэхэм, анэдэлъхубзэр хъумэным, егъэфІэкІуэным ехъэлІауэ цІыхубз хьыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм ягъэзащІэ къалэнхэм, нэгъуэщІхэмри.

Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм я щІэблэу ди республикэм щеджэхэри къызэрагъэпэщ дауэдапщэхэм жыджэру къыхихьащ.

Проектым и кІэух Іыхьэм ди республикэм и щІыналъэ куэдым къикІа лІыкІуэхэр хэтащ. Абыхэм къызэрагъэпэщат уэрэдрэ макъамэкІэ зэхэуэчна программэ гъэщІэгъуэн.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ анэдэлъхубзэр хъумэным хуэунэтІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм лъэпкъым дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр.

НыбжьыщІэхэм адыгэ щэнхабзэм, Іуэрыіуатэм зэрыхащІыкІыр, творческэ зэфІэкІ зэраІэр щагъэльэгъуащ проектым.

Зэпеуэм къыщыхэжаныкІахэмрэ пашэнигъэр щыІэзыбыдахэмрэ щІыхь тхылъэмрэ фэеплъ саугъэтхэмкІэ яхуэупсащ.

ИНЭРОКЪУЭ Даниэ.

Зеленский Владимир токІуэ

● Украинэ

Украинэм, икІэм-икІэжьым, щІыззфІэкІащ президент хэхьныгъэхэр - мэлыжьыхьым и 21-м екІуэкІащ абыхэм я етІуанэ Іыхьэр. Бюллетенхэм я процент 90-м щІигъур къабжьыкъ нэужь къызэратамкІэ, къэралым и президент къулыкъур дзыхь зыхуащІыр Зеленский Владимирщ - украинхэм я процент 73-м щІигъур зи телъхьэу къыщІэкІарщ. Абы и ныкъуэкъуэгъуэ щыта, къэралым и иджырей президент Порошенкэ Пётр къихьар процент 24-м щІигъущ.

ХЭХЫНЫГЪЭХЭР зэфІэкІа щхьэкІэ, абы пыща псалъэмакъэхэр иджыри щІэх уэжьыхьнукъым. Абы къыкІуэхэр, адэкІэ къэхъункІэ-къащІэнкІэ хъунухэр иджыри куэдрэ «ягъэныщкІунущ» политологхэм. Уегупсыс зэрыхъунумкІэ, Зеленскэм и пІэм иджыпсту хэт имытами, ар щытекІуэну къыщІэкІынт а Іэтэм, сыту жыпІэмэ къэралым и цІыхухэр гугъуэгусым хэмыкІыу мэпсэу ильэс куэд хъуауэ. Хэхьэтэхэм ІэІуэ мелуан 17-м нэблагъэ къызэрекІуэлІами къегъэльагъуэ я хэкур иджыпсту зэрыт щытыкІэм щІыхухэр хуабжьу зэригъэгъэзавэр икІи абы къикІынымкІэ я гугъапІэхэр президентыщІэм зэрыраПхыр.

Шэч хэмылъу, дэри къыфІэмыІуэхуу щыткъым Украинэм щыпсэухэр зыхэт гугъуехьхэр, ди къэралхэр иужьрей ильэсхэм ззщІыеями. Сыт хуэдэ политикэ иубзыхунур президентыщІэм? Ди къэралхэм яку къыдэхъуа къаугъэхэр, зэныкъэкъуэхэр лъэныкъэ егъэзэа хъунымкІэ абы и деж псалъэ щагъэутыну пІэрэ? Нэхъыщхьэраци, дунейпсо хабзэхэр къэзылъытэ, абыхэм тет УкраинэщІэ ухуэнымкІэ Зеленскэм сыт хуэзфІэкІыну пІэрэ? А упщІэхэм жэуап щагъэутынур зэман (ари мымащІэу) дэкІа нэужьщи, зэхъуэкІыныгъэфІхэр къэхъуну украинхэм драгъусэу дэри дыщыгугъынщ.

САНЭ Маринэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мэлыжьыхьым и 23, *гъубж*

♦Тхьылъымрэ авторым и хуитныигъэхэмрэ я дунейпсо махуэщ
♦Инджылызыбзэм и дунейпсо махуэщ
♦Испаныбзэм и махуэщ
♦Тыркум щагъэлъапІэ я къэрал суверенитетымрэ сабийхэр хъумэнымрэ я махуэр
♦Израилым и щхьэхуитныгъэм и махуэщ
♦Испанием зэгуэкІуахэм я махуэр щагъэлъапІэ
♦1836 гъэм Петербург къыщыдэкІащ «Современник» журналым и ятІэ номерыр.
♦1908 гъэм Москва и тхыдэм щынэхъ ин дыдэхэм ящыщ псыдзэ къыщІэуауэ щытащ.
♦1920 гъэм къызэрагъэпэщащ Тыркум и Лъэпкъ зэхуэсышхуэр (парламентыр).
♦1943 гъэм СССР-м и Совнаркомым Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубз хозяйствэр зэфІэгъэувэжыным теухуа унафэ къыщІащ.
♦1951 гъэм СССР-м и Олимп комитетыр къызэрагъэпэщащ.
♦1964 гъэм СССР-м и Министрхэм я Советым унафэ къыщІащ макъ зытратхэ пластинкэхэр къыщІэзыгъэкІ «Мелодия» фирмэр къызэгъэпэщыным теухуауэ.
♦Инджылыз драматург щэджащэ **Шекспир Уильям** къызэралъхурэ ильэс 455-рэ ирокъу.
♦Урыс композитор, пианист, дирижёр цІэрыІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Прокофьев Сергей** къызэралъхурэ ильэси 128-рэ ирокъу.
♦КъБР-м и цІыхубэ тхакІуэ **Теунэ Хьачим** къызэралъхурэ ильэси 107-рэ ирокъу.
♦Совет актёр, сурэтыщІ, УФ-м и цІыхубэ артист **Прыгунов Лев** и ныбжьыр ильэс 80 ирокъу.
♦Генерал-лейтенант, Абхъаз Республикэм зыхъумэжьныгъэмкІэ и министру щыта, Абхъазым и ПІыхьжь **Соснаныр Сулътан** къызэралъхурэ ильэс 77-рэ ирокъу.
♦Футболист Іэзэу щыта, СССР-м спортымкІэ щІыхь зиІэ и мастер, СССР-м щыхь зиІэ и тренер **Бышовец Анатолий** и ныбжьыр ильэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 3 - 5 щыхъунущ.

Мэлыжьыхьым и 24, *бэрэжьей*

♦ЩІалэгъуалэм я зэхъуэтыныгъэм и дунейпсо махуэщ
♦Къуэш зэрыщІа къалэхэм я дунейпсо махуэщ
♦Лабораторэхэм къыщащъэсэбэп псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэщ
♦Секретарым и дунейпсо махуэщ.
♦Ермэлы лъэпкъым залымыгъэ щыкІэлъызэрахьам хэкІуэдахэм я фэеплъ махуэщ
♦1800 гъэм США-м и президент Адамс Джон Конгрессым и библиотекэр къызэригъэпэщащ, тхылъхэр къэщэхуным доллар минитху хуихри.
♦1803 гъэм Урысейм и император Александр Езанэм Іэ щІидзащ Кавказым и Минералнэ псыхэм ятеухуа унафэм. Абы щыубзыхуат псы хущхъуэхэм къэралым и цІыхухэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ зэраІэри, ахэр нэсу къэгъэсэбэпа хъун папщІэ зыхуэй-зыхуэфІхэмкІэ къызэгъэпэщынри.
♦1944 гъэм къызэІуахащ ещанэ Белорус фронтыр.
♦Адыгэхэм я къеклуэкІыкІар зыджа, тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор **Кушевэ Екатеринэ** къызэралъхурэ ильэси 120-рэ ирокъу.
♦УэрэджьІакІуэ, КъБР-ми Ингуш Республикэми щІыхь зиІэ я артисткэ **Даур Иринэ** къыщІалъхуа махуэщ.
♦Урысей гимнасткэ, дунейми Европэми я чемпионкэ, Алыджык и къалащхьэ Афинэм 2004 гъэм щекІуэкІа гъэмахуэ Олимп Джэгуэгъэм дыжьын медаль къыщІызыхьа **Чащинэ Иринэ** и ныбжьыр ильэс 37-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ, уэшх тІэкІу къыщІэкІынущ. Хуабэр махуэм градус 14 - 16, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЬУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Гур зэрыкІуэдыкІыр и шэрхъщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 26-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ:**

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 26-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр къэщтэн.

2. Мы Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІуэкІуэ К. В. хуегъэхьын, абы Іэ щІидзын икІи хэІущІыІу ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм кьару егъуэт ар къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2019 гъэм гъатхэпэм и 26-м
№1053-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 26-нэ статьям зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къищтащ 2019 гъэм гъатхэпэм и 26-м

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъум теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №81-РЗ-м, 2005 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м кьащтам (хабзэм теухуа хьыбархэр зэрылъ интернет-порталыр (www.pravo.gov.ru), и 26-нэ статьям и 2-нэ Іыхьэм хэт «зэгурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ къащта е» псалъэхэр хэгъэкІын.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2019 гъэм мэлыжьыхьым и 15-м
№14-РЗ

● КъБР-м и Парламентым

Егъэджэныгъэм зегъэужьыным топсэлъыхь

КъБР-м и Парламентым «Правительствэм хуэхах сыхьэтым» хыхьэу, депутатхэр тепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Іуэхур зэрыщыізэтеубламрэ абы зэрызрагъэужьыну Іэмалхэмрэ.

КъБР-м ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр **Къумыкъу Іэуес** зэрыжиІамкІэ, республикэм курыт еджапІэу 265-рэ щолажьэ, абыхэм псори зэхэту цІыху 103571-рэ щоджэ. Курыт еджапІэ 237-м школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэр егъэджэн программэмкІэ сабий 53215-м щадолажьэ.

2018 гъэм Нарткъалэрэ Ташлы-Таларэ курыт еджапІэщІэхэр къыщыззІуахуа. Ялэр - цІыху 825-м, етІуанэр 96-м ятещІыхьащ. 2019 гъэм къызэІуахыну я мурадщ Налшык къалэм и 6-нэ микрорайоным щаухуэ, сабий 1224-рэ зэщІэхуэну школышІэр. Мы гъэм иджыри зы курыт еджапІэщІэм и ухуэныгъэм и ужь ихьэнуц - ар Шэджэм къалэм щащІынущ, цІыху 500 щІэхуэну.

КъищынэмыщІауэ, Арщыдан, Белая Речкэ къуажэхэм сабий гъэсапІэхэр щаухуащ: ялэм - сабии 160-рэ, етІуанэм - 140-рэ щІохуэ. Апхуэдэуи сабий гъэсапІэу лажьэхэм ящыщу 19-м къыпащІыхь, иджыри сабий 860-рэ абыхэм къащтэфын щхьэкІэ. Зи ныбжьыр илъэси 3 иримыкъуэ сабийхэр гъэсапІэхэм къыІахьыни республикэ унафэщІхэр 2019 гъэм елэжьынущ. Псалъэм папщІэ, школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысахэр зэкІуапІэ Іуэхущ1апІэхэм унэ, ухуэныгъэ 29-рэ къыгуащІыхьынущ. Къэбгъэлъагъуэмэ, ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэр зэфІагъэкІмэ, апхуэдэ Іуэхущ1апІэ 48-м сабий 2860-рэ кьащтэфынущ.

Министерствэр зэлэжь Іуэхуэхэм ящыщу къуажэхэм дэт школхэм физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зыщегъэужьынныр. 2018 гъэм зэрагъэпэщыжащ спорт пэш 24-рэ, къызэІуахащ спорт клуб 25-рэ. Мы гъэм иджыри спорт пэш 24-рэ зыхуей хуагъэззэну я мурадщ.

Курыт школхэр транспорткІэ къызэрызэрагъэпэщым и гугъу щищым, Къумыкъум жиІащ нэгъабэ автобус 30 къызэращэхуар. Мы зэманым курыт еджапІэм яшэу дерс нэужьхэм къашэжыр цІыху мини 8-м щІегъу.

Курыт еджапІэхэм я библиотекэхэр тхылъкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІауэ министерствэм иригъэкІуэкІа лэжьыгъэм ипкъ иткІэ, еджакІуэхэм я процент 91,2-м тхылъхэр пщІэнщэу ират хъуащ.

Мыхьэнэшхуэ зиІэ лэжьыгъэхэм ящыщу министрым къигъэльэгъащ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи узынщагъэм сэкъат иІэхэмрэ псоми зэхуэдэу щІэныгъэ зэрыратыпхъэр. Псалъэм папщІэ, «Доступная среда» къэрал программэм министерствэр зэрыхэтым и фІыгъэкІэ, курыт еджапІэ 70-м къыщыззрагъэпэщыфащ сабий ныкъуэдыкъуэхэр ирагъэджэн папщІэ зыхуей псори. Къумыкъум жиІащ сабий ныкъуэдыкъуэхэмрэ зи узынщагъэм сэкъат иІэхэмрэ хэту ирагъэкІуэкІ «Абилимпикс» зэхьэзэхуэм цІыху 60 я зэфІэкІ зэрыщеплъыжар.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Егъэджэныгъэм зегъэужьыным топсэлъыхь

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

КъЕР-м ЦІыхухэр егъэджэныкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іузхуэмкіэ и министерствэм зэхигъэуващ адыгэ, балъкъэр бзэхэмрэ абхэзм я литературэхэмрэ курыт школым зэрыщыджыну программэхэр. Мы зэманым йолэжь «КъБР-м пСэнкъ егъэджэныгъэм зыщегъэужьын» программэм гуэдзэм. Министрым жиІащ анэдэлъхубзэр тхъэмахуэм сыхьатищ нэхърэ мынэхъ мащІэу, Іэмал имыІэу яджын хуей предметхэм зэрыхэтыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым иджыри гуГуехьхэр щыІэщ сабий зеинШэхэмрэ зи адэ-анэ зыщхьэщыпТыжхэмрэ унэкІэ къызэгъэпэщыным ехьэлІауэ. 2019 гъэм и пэм ирихьэлІэу, апхуэдэу ятхащ щыхэу 1466-рэ. Абыхэм ящыщу ныбжьыщІэ 1121-м унэ ЬратынкІуейщ, ахэр илъэс 18 зэрырикъуам къыхэкІыу. 309-м ехьэлІауэ суд унафэ щыІэщ, зыщыпсэун унэ икІэщыпІэкІэ иратын хуейуэ иту, - жиІащ Къумыкъум.

Министрым дыщІигъуащ республикэм щаухэр унэщІэхэм ящыщу сабий зеинШэхэмрэ зи адэ-анэ зыщхьэщыпТыжхэмрэ папщІэ 2018 гъэм фэтэр 93-рэ къызэращэхуар. Мы гъэми а Іуэхум сом мелуан 43-рэ трагъэкІуэдану я мурадщ.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Іэ и къуэдзэ **Афэщіагъуэ Михаил** щІэупщІащ еджакІуэхэр зэблэкІыгъуитІу зэреджэм и Іуэхур мы зэманым зыІутым. Къумыкъу Іэуес жиІащ сабий мини 9-м щІигъур зэрышІэджагъуаКІэр. Ахэр нэхъыбэу Налшык, Шэджэм, Прохладнэ кьалэхэм я школхэм щоджэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ехьэлІауэ зыщІэпэщыным ехьэлІауэ. 2019 гъэм и пэм ирихьэлІэу, апхуэдэу ятхащ щыхэу 1466-рэ. Абыхэм ящыщу ныбжьыщІэ 1121-м унэ ьратын х

Адыгэ бзылъхугъэ

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар **БАГЪЭТЫР Луизэщ**

ЕгъэджакIуэ, унафэщI, депутат

Тэрч районым хыхьэ Инарыкъуей къуажэм дэт курыт еджапIэм и унафэщI Тумэ Валентинэ илъэс 23-рэ хъуауэ егъэджэныгъэ Iуэхум и гущIэ хелъхьэ.

ВАЛЕНТИНЭ 1997 гъэм къуихащ КъБКъУ-м и филологие факультетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр. Мы зэманым ар Тэрч районым и щIыпIэ самоуправленэм и депутатщ, социальнэ Iэхъуэкмкlэ зэпымыууэ лажьэ депутат комиссэм и унафэщIщ.

Илъэси 9 хъуауэ ар зи унафэщI курыт еджапIэр сыт и лъэныкъуэкIи иригъэфIэкIуэн хуэзфIэкIащ. Езым хэлъ жэуапныгъэмрэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэмрэ я фIыгъэкIэ, бзылъхугъэм егъэджакIуэхэм я лэжьыгъэр еунэтIыф, щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ягъуэтыным псори теухуэжауэ.

Валентинэ гулыитэ хэха хуещI зэфIэкI зиIэ еджакIуэхэм щхьэхуэу ядэлажьэми, школым спортым зыщегъэужьыными, нэгъуэщI куэдми. Абы и IэхъущIафхэм щыкъэт тохъуэ курыт еджапIэм щIэсхэм район, щIыналъэ зэпеуэхэм къыщахъ уВыпIафIхэр.

Тумэм и нэIэм щIэту, Инарыкъуей курыт школым екъулIэныгъэ куэд зыIэриГъэхьащ. Псалъэм папщIэ, 2011 - 2012 гъэ еджэгъуэм курыт школ нэхъыфIыр къыщыхаха зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщащ икIи КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхъуэмкlэ и министерствэм и ЩIыхь тхылъыр къратащ. А илъэс дыдэм Тэрч районми школ нэхъыфIыр Инарыкъуей дэт курыт еджапIэр къыщалъытащ.

Тэрч районым Егъэджэныгъэмкlэ и управленэм и ЩIыхь тхылъри мы курыт еджапIэм мыхъэ-мытIэу къыIэрыхьащ. Апхуэдэ зы щхьэусыгъуэт физическэ щэнхабзэмрэ спортымрэ зезыгъэужь школ нэхъыфIыр къыщыхах «Олимпиада начинается в школе» урысейпсо зэпеуэм и мунициональнэ Iыхьэм зэрыщыгъкIуар (2012 гъэм), а зэхьэзэхуэм и щIыналъэ Iыхьэми школым ещанэ увыпIэр къызэрыщихьар. КъыщыныэмыщIауэ, 2016 гъэми еджапIэм ятIэ увыпIэр къыщыхуагъэфэщащ Тэрч районым и школ нэхъыфIыр къыщыхаха зэпеуэм.

Тумэм гулыитэ ин хуещI щIэблэр хэхупсэу, гъэсауэ я кlэгъэтэджыным. Абы и лъэныкъуэкIэ курыт еджапIэм щекIуэкI лэжьыгъэм папщIэ, Тэрч муниципальнэ районым и Iэтащхьэм (2013 гъэм), Афган зауэмрэ дзэ зэпэщIэтыныгъэхэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ кудамэм (2015 гъэм), Урысейм и ДОСААФ-м Къэбэрдей-Балъкъэрым щIиIэ къэрал Iэхъущ1апIэм (2019 гъэм) я щIыхь тхылъхэр школым къыхуагъэфэщащ.

Валентинэ и Iуэху бгъэдыхьэкIэм арэзы къыщI егъэджакIуэхэри, еджакIуэхэри, адэ-анэхэри. ЕджакIуэхэм екъулIэныгъэфIэкр къыщагъэлъагъуэ «Псори сщIэну сыхуейщ» егъэджэныгъэ проектымрэ школакIуэхэм я олимпиадэ зэIуахэмрэ. Езы егъэджакIуэхэми я къэухым зэпымыууэ зэрызрагъэужьыным бзылъхугъэр йогуГъу. 2013 гъэм Урысейм и творческэ егъэджакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и ФIыщIэ тхыгъэ абы къыхуагъэхьащ Инарыкъуей курыт школым щезыгъаджэхэм урысейпсо Интернет-зэпеуэм екъулIэныгъэфIэкр къызэрыщагъэзыгъуам папщIэ.

Апхуэдэ лэжьыгъэм къыпэкIуэу Тумэ Валентинэ къратащ КъБР-м ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iэхъуэмкlэ и министерствэм, Тэрч районым ЕгъэджэныгъэмкIэ и управленэм, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым я щIыхь тхылъхэр. 2008 гъэм абы текIуэныгъэ къыщихьащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым хыхьэу, егъэджакIуэ нэхъыфIэхр щагъэпэжа зэпеуэми. Апхуэдэуи бзылъхугъэм къыхуагъэфэщащ «УФ-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» щIэлъапIэр.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

КъАШЫРГЪЭ Мадинэ:

Срогушхуэ си гъэсэнхэм я ехъулIэныгъэхэм

КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Къашыргъэ Мадинэ лъэпкъ щэнхабзэр хъумэным, абы щIалэгъуалэр дегъэхьэхьным илъэс 30 хъуауэ йолэжь. Бзылъхугъэр 1989 гъэ лъандэрэ Налшык къалэм дэт Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ колледжым щрегъаджэ, апхуэдэуи Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармонием и солистэщ икIи концертмейстерщ.

Къашыргъэм къыдигъэкIащ хэхэс адыгэхэм яхъума макъамэхэм нотэхэр ящIыгъуу зэрыт «Адыгэ пшынальэхэр» тхылъыр, «Кавказ лъэпкъхъэм я пшынэ еуэкIэм хуэзыгъасэ дерсхэр» зыфIищащ и лэжьыгъэр. Лъэпкъ творчествэм зэрызригъэужьым папщIэ, Къашыргъэм мы гъэм Чайковскэм и цIэр зезыхьэ пэшым (Москва) къыщратащ Урысей Федерацэм и Правительствэм игъэува «Душа народа» дерсхэр. И Iэщ1ащ1эм, и ехъулIэныгъэхэм бзылъхугъэр къытхутепсэльыхьащи, къыджилам ди гуапэу фыщыдогъэгъуазэ.

- Пшынэм сыщыдихьэхар си анэшхуэм нысашэ сыздишэу, а макъамэ Iэмэпсымэр япэу щысылъэгъуам къыщыщIедзэ жысIэмэ, сыщыуэну къыщIэкIынукъым. Илъэсибл си ныбжьу арагъэнт абы сыгъуэм, - жеIэ Къашыргъэм. - Апхуэдэ гуфIэгъуэ Iуэхугъуэм деж хъыджэбз цIыкIр, зэрыхабзэу, нэхъ зытхьэкIуэ ныбжьыщIэ зэрыщIэрахьам рэ абы и бостейм и дахагъэмрэщ. Арщхьэкlэ, пщIантIэм дызэрыдыхьэу, гу зылъыстар, уеблэмэ си нэр зытедиир пшынауэрат, абы Iэщ1эпшынэ глъыжьыбзэрат. Iэмэпсымэм апхуэдэ макъамэ дахэ къызэрыIукIыр си дежкIэ мыгурыIуэгъуэми, шэч къызыпстемыхьэжыр абы сызэрыIэпишарат. Нэхъ хьэлэмэтрати, пшынэр къысIэрыхьэ закъуэмэ, сэри абы сеуэфыну сыкъигъэгугъэр. Сабиим псори и фIэщ хъууэ зэрыщытрагъэнт апхуэдэ гупсысэхэр си щхьэм къыщIихьэр. ХьэгъуэлIыгГуэу нэужьым си адэ къуэшым «къэзан» пшынэ цIыкIу къысхуищэжауэ икIи музыкэ школым сратыну мурад ящIащ. Апхуэдэу лъэпкъ пшынэ еуэкIэм щыхуагъасэу 1973 гъэм ялэу къыкIэдымыкъуу, еджэн щыщIэддзащ.

Лъэпкъ пшынэм щIэблэр хуэгъэзэным икъукIэ къэрауушхуэ тригъэкIуэдащ си ялэ егъэджакIуэ Мэмэт Мухьэмэд. Еджэн щыщIэддзагъащIэм сафIэщIыкIыу, ныбжькIи мыдрейхэм сакъыкIэрыхьуу апхуэдэт, ауэ пшынэ еуэкIэ зэзгъэщIэным ерыщу сыздэрыхуущIэкъур ялъагъурти, псоми ягъэщIагъуэрт. Налшык къалэм дэт Музыкэ училищэм 1980 гъэм сыщIэтIысхащ. Классикэмрэ лъэпкъ макъамэхэмрэ щхьэхуэ-щхьэхуэу абдеж щыдагъэджащ Мэмэтымрэ Лукьянов Анатолийрэ.

ЕджапIэр къыщыдухым, къэрал экзаменхэр къытIысыхахэм яхэтащ Астрахань къэрал консерваторэм къикIа къэшщыгакIуэхэри. Гупым и унафэщI Махуэ Вячеслав абы щыгъуэм еджапIэ нэхъыщхьэм щIэтIысхьэнухэр къыхихыри, сэри си насып къихьри, абыхэм сахэхуащ. Абы щхьэкIэ Вячеслав фIыщIэ ин хуэощI, си зэфIэкIыр и фIэщ хъууэ, си щIэныгъэм хэзгъэхъуэну Iэмал къызэрызитам папщIэ. ЕджапIэ нэхъыщхьэр къыщыдзухым ирихьэлIэу, абыр сэрэ зэгъуэгу делэжьащ икIи къыдогъэкIащ «Школа игры на национальной гармонике» тхылъыр.

Астрахань сыщыщIэжа зэманым Тулэ щыIналъэм щекIуэкIа урысейпсо зэпеуэм текIуэныгъэ къыщытхьри, УФ-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм зэфIэкI зиIэ ныбжьыщIэхэм папщIэ къызэрыгъэпэщ фестивалым дыхэтыну дагъэкIуат. Пермь къалэм махуипщIкIэ щекIуэкIа а зэхьихьэхэр щIэщыгъуэ тщыхъуат, нэхъыщхьэрати, ди лъэпкъ фащэр сщыгъыу, пшынэр си Iэпэгъуу абы сызыхэтам си щхьэр лъагэу сигъэльагъужат.

А зэманым еджапIэ къэзыухэр дэтхэнэр щIылъэжьнур гъэбелджылъуэ щытыихэти, консерваторэ нэужьым сэ Налшык дэт Музыкэ училищэм сыкъагъэкIуэжащ. КъищынэмыщIауэ, - «Бжьамий» ансамблым (къызэрызэгъэпэщрэ илъэс ныкъуэ хуэдэ хъуагъэнт) сыщылажьэнуи срагъэблагъащ. Апхуэдэу егъэджакIуэ IэнатIэмрэ гупым сыхэту утыку зыкъыщызгъэлъэгъуэнымрэ зэгъуэгу къыщIэздзащ. ИужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал филармониеми сыуВащ.

- «Бжьамий» ансамблым епхауэ сыт хуэдэ гукъэкIыжхэр уиIэ, Мадинэ?

- Пшыхь гукъинэж кузд ди щIыналъэми хамэ къэралхэми щыттащ. Гупыр дэнэ мыкIуэми, фIыуэ къалъагъурт. Псалъэм папщIэ, дыщIыщащ Франджым и къалиплIым, Германием, Польшэм, Тырким. Дэтхэнэми мазэ бжьыгъэкIэ концертхэр щытту, цIыхушхуэ зэхуэтшэсу.

Франджы ауэхэр, хьэмэрэ Собор Парижской богоматери фэепIыр тхылъ деджэу е сурэт делIэу ди нэгу къызэрыщIэдгъэхьэр куэдкIэ къыщхьэщокI уи нэкIэ плъагъум. Ар щIыжысIэрщи, ди лъэпкъ щэнхабзэр а щIыпIэхэм щыпсэухэм едгъэлъэгъуа куэдей мыхъуу, дэри гухэхъуэгъуэ дгъуэтащ а зэманым ансамблым и фIыгъэкIэ. Шэч хэмылъу, хамэ къэралхэм гъэщIэгъуэн куэд щытлъэгъуащ, дэри абыхэм щыпсэухэм гукъинэж нэхъ дазэрыщыхъуным сыт щыгъуи дыхущIэкъуащ.

- Санкт-Петербург филармонием и симфоние оркестрым и гъусэу зы утыку уэрритам теухуауэ сыт къыдкIепIэнт?

- Нэхъ гукъинэж ину сиIэхэм ящыщщ Санкт-Петербург филармонием и симфоние оркестрым и гъусэу пшынэ сызэреуар. Ар ди дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юрий и махуэшхуэр щагъэлъапIэ пшыхьти, абы и къуэш Борис къызжиат ор-кестр цIэрыIуэм и гъусэу зы макъамэ згъэззэщIэну Iэмал къызэриIэр. ДгъэззэщIар Темыркъан Борис и Iэдакъэщ1экI «Ислъэмейрщ» . Пэжыр жыпIэмэ, ар насыпышхуэу къызэуэлIауэ къызэолIуэ. А концертым сыхэта нэужь, сэ къызгурыIуащ зэпымыууэ уи къэухым хэбгъэхъуэн зэрыхуейр.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым и композиторхэм я лэжьыгъэ куэд япэу утыку къызыхьахэми ущащIащ, Мадинэ.

- ЗанщIэу си гум къокIыж Хьэлупэ Джэбрэилэ и «Псыхэгъэ» симфониер оркестрым и гъусэу Кисловодск зэрыщIдгъэззэщIар. ИкъукIэ пшыхь дахэ хъуат. Хьэлупэ Джэбрэилэ и мызакъуэу, Темыркъан Борис, Молэ Владимир сыми фIыщIэ ин яхузощI, консерваторэр къэзухьу сыкъыщыкIуэжагъащIэм я Iэдакъэщ1экIэр сэ япэу утыку кърызагъэхьэну дзыхь къысхуащIу зэрыщытам щхьэкIэ.

- «ШыкIэпшынэ» ансамблым иджыпсту уриунафэщIщ, Гупым и екъулIэныгъэхэм дыщыбгъэгъуэзамэ арат, Мадинэ.

- Ансамблыр къызэзгъэпэщащ Хъэритон Валерийщ. Сэ абы 2006 гъэ лъандэрэ сриунафэщIщ. Къабгъэлъагъуэмэ, екъулIэныгъи гугъуехьи куэду диIэщ. Гупым хэтхэр ди колледжым и студентхэращ. Нэхъ гугъур сыт жыIпIамэ, еджапIэр къаухыху къудейщ ансамблым хэтхэр къызэрекIуалIэр. Абы къыхэкIыу зы зэфIэкI гуэрым дынэсауэ зэбгрощэщыжри, щIэрыщIэу дгъэсэным и ужь дохьэж. 2016 гъэм Къашыргъэ Билал и махуэр игъэлъапIэу Налшык къалэм дэт Музыкэ театрым къыщызэрагъэпэща пшыхьым щIалэгъуалэм гукъинэжу зыкъыщагъэлъэгъуат. Иужьрейуэ Москва Чайковскэм и цIэр зезыхьэ пэшым зыкъыщыдгъэлъэгъуэну дыщыкIуам ныбжьыщIэ 12 сшащ. Ахэр щIэх-щIэхыурэ зэпеуэхэм, фестивалхэм хэтщ, шэч хэмылъу, ехъулIэныгъэхэри яIэщ.

- Колледжым лъпкъ пшынэ еуэкIэм хуеджэну къыщIэтIысхьэхэр куэд хъурэ? А Iэщ1агъэм зэрызиужьыжым дауэ уепIурэ?

- ЦIыхухэр дехьэх пшынэ макъамэм. Иужьрей зэманым ар хэмыту зы хьэрГуэлIыгъуэ екIуэкIыжьмми, абы уегъэгугъуэ. Лъэпкъ Iэщ1агъэм зэрызиужьжьым ар и нэщэнэу къыщIэкIынщ.

Кавказ лъэпкъхэм я макъамэ яIэжщ. Мис ахэр зохамыгъэзэрыхьу утыку кхрьхьэн папщIэ, сыхуейт ди щIалэгъуалэм я щIэныгъэм хагъэхьэну. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ къытKIэлъыкIуэну щIэблэм ди лъэпкъ къафэхэмрэ макъамэхэмрэ убзыхуауэ яхуэтхъумэн и лъэныкъуэкIэ. Мы еджапIэм деж пшынэм, аккордеоным, гитарэм зыщыхуагъэсэну щIэблэм Iэмал яIэщ. Сыхуейт пшынэм хуэдэу, шыкIэпшынэми Iэпэпшынэми ди щIалэгъуалэр дахьэхьжыну. Ахэр ди лъэпкъ Iэщ1агъэщ, тхъумэн хуейщ.

- Уи гъэсэнхэм ящыщу республикэм нэхъ цIэрыIуэ щыхъуахэм я гугъуэгъэщIынут.

- ЕджакIуэр классым япэу къыщыщIыхьам къыщыщIэдзауэ абы и зэфIэкIыр здынэсыну зыхищIэн хуейщ егъэджакIуэм. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм нэхъ наIуэ къыщыхысщохъу сабиим и зэфIэкIыр зэрыбгуэтIыну Iэмалхэр. Iэпэр пшынэм зэрыхуэщIам къэдкIуэу, пшынауэм игъэIу макъамэмкIэ цIыхур къызэрыдигъэхьэхьфми хуэ ельытащ. А псор япэу зыдэслъэгъуахэм щыщIащ Лосэн Тимур. «Бжьамий» гупыр Зеикъуэ драгъэблагъэуэ а щIалэ цIыкIур пшынэ еуэу щыслъэгъуам, ар а Iэщ1агъэм зэрыхуэIэижьым занщIэу гу лъыстат. ИужькIэ апхуэдэ Iэзагъэ дэслъэгъуащ Дудар Асльэн. Ари абыпсту утыку кхьхъэ ди пшынауэ нэхъ цIэрыIуэхэм ящыщщ. Апхуэдэуи си гъэсэхэм нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ мы зэманым «Шагъдий» ансамблым и унафэщI Унэжокъуэ Геннадий Заремэ.

Илъэс етIуанэ хъуауэ Ростов къэрал консерваторэм щоджэ иджыри си зы студент - Тенджыз Къэнтемыр. Иуан БетIал, Лыджыдэ Алий, Жыгун Эдуард, Къуэшыжь Марианнэ, Дзыхьмыщ1 Данэ, Нэгъуэй Аскер, Щ1анкIэ Темирлан, Тымыжь Анзор - куэдым я цIэ къыфхуэцIуфынущ ди лъэпкъ щэнхабзэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIыну узыщыгугъ хъунухэм къыщохьу. СроГушхуэ икIи сыт щыгъуи сыщогъфIыкI абыхэм я ехъулIэныгъэ щызэхэсхкIэ.

Епсэльар

БАГЪЭТЫР Луизэщ.

Хэт фэилъхьэгъуэ нэхъ гъэщIэгъуэн къимыгупсысрэ?!



Налшык дэт курыт еджапIэ №32-м и 11-нэ классым щIэс Тембот Дианэ екъулIэныгъэшхуэ къыщигъэлъэгъуащ «Дай пять! Дизайнер будущего» урысейпсо зэхьэзэхуэм. Ар къызэзгъэпэщахэм яхэтащ «Молодежка ОНФ»-р.

ДИЗАЙНЕР Iуэхум зыхуэзыгъэсэн щIэзыдзэгъащIэхэм (илъэс 14 - 17-хэм итхэм) ятещIыкIыу екIуэкIа а зэпеуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэтар Дианэ и закъуэщ икIи абы и эскизхэмкIэ ядэ фэилъхьэгъуэр утыку щагъэльагъуащ урысей модэм зэхьихьэ нэхъ ин дыдэу къыщальытэм - Mercedes-Benz Fashion Week Russia фIэщыгъэр зиIэм.

Къыхэгъэщыпхъэщ, зэпеуэм хэтыну лжжыгъэ мини 2-м щIигъу зэрыригъэхьар, абыхэм ящыщу утыкур зыхуагъэфэща 21-м яхэтщ Темботым ейри.

- Зэпеуэр зэрекIуэкIынур щызэхэхар сыщеджэ сабий хуэдизкIэ школыщ (Налшык къалэ). Ар занщIэу сфIэгъэщIагъэн хъуат, ауэ эскизхэм сыщелэжьым си пщIыхьэпIи къыхэхуакъым подиумым сыкъыщыхутэну, е, сэ сщIэрэ, къзэгупсыса фэилъхьэгъуэр уэрэджьIаКIуэ цIэрыIуэ Тоневэ Иринэ утыку щигъэльэгъуэну, - жеIэ Дианэ.

Зэпеуэм и кIэух гъэльэгъуэныгъэр къызэрызэIуахари хъыджэбзым и фэилъхьэгъуэращ. Абы и ужьым иту, адрей дизайнер ныбжьыщIэхэми я щыгъынхэр ягъэпэлъэгъуу, утыкум ирикIуащ артист цIэрыIуэхэу Савичевэ Юлие, Уташевэ Ляйсан, Адушкинэ Катя, Кокэ Клавэ, Арзамасовэ Лизэ, Михеевэ Аллэ, нэгъуэщIхэри.

Гъэльэгъуэныгъэр щызэхуащIыжым, «Дай пять! Дизайнер будущего» зэхьэзэхуэм пхыкIа дизайнер 21-р (Урысейм и щIыналъэ зэхуэмыдэхэм щыщ) утыку кърашащ я фащэхэр зыгъэльэгъуахэм. Абыхэм фэилъхьэгъуэхэр къызыхуагъэнэжащ, ягу ирихьауэ жаIэри.

Шэч хэмылъу, модельёр ныбжьыщIэхэр мы зэпеуэм нэхъ тригъэгъуэщащ IэщIагъэ яхуэхъунум. Къапщтэмэ, Тембот Дианэ шэч къытрихьэркъым, школыр кIыуихмэ, дизайнер IэщIагъэм зэрыхуеджэнум.

Урысейм и тхыдэм къыхэщыжхэр

Налшык къалэм и «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм Къэзакъ Аслъэн къыщыдигъэкIа «XVI - XX лIэщIыгъуэхэм Урысейм къулыкъу щызыщIа шэрджэсхэр» и тхылъым тхыдэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр итщ.

ЛЭЖЬЫГЪЭМ абы къыщигъэлъэгъуащ Урысей къэралыгъуэм и егъэджэныгъэ, дзэ Iэнатlэхэм екъулIэныгъэ яIэу пэрыта адыгэхэмрэ абазэхэмрэ ятеухуа архив дэфтэрхэр.

Ди гуапэ зэрыхьунщи, тхылъым дыщрихьэлIащ адыгэ бзылъхугъэ зыбжанэми. Абыхэм ящыщщ Хьэтlохъущокъуэ пщы лъэпкъым къыхэкIа, **Кургъокъуэ ипхъу Жэнэт (Джанет)**, Ар 1707-1777 гъэхэм псэуащ. 1721 гъэм бзылъхугъэр къалмыкъыипщ Дондук-Омбо (хъан лъэпкъым щыщщ) иратри, буддизмыр кIиущауэ, езыми Джан цIэр къыфIащауэ щытащ. 1737 гъэм къыщыщIэдзауэ хъан гуащэм сом 500 илъэсым къратырт. 1743 гъэм ар Санкт-Петербург къалэм мэлэхъуэ. 1744 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Дондуковэ Верэ цIэр къещтэ. Щыхьэрым ар 1762 гъэ пщIондэ щыпсэуащ, жыджэру политикэ гъащIэм хэту.

ЕтIуанэу тхылъым дыщегъэгъуазэ щIыбзыкъэ гимназием и лэжьакIуэ **Бэрэгъун Еленэ Григорий и пхъум** и къащIэм (1875 - 1917 гъэхэм мынэхъ пасэу). Адыгэхэм яофицер-къэзакъым и пхъур Кубань областым и Ладожскэ станицэм щыпсэуащ. ЩIэныгъэ зригъэгъуэта нэужь, ар щылэжьащ Армавир щIыхьэ гимназием.

Адыгэ офицер **Мэшыкъуэ Александр (Хьэжмэт) инхъуэху Мариерэ Софиерэ** ятеухуа пычыгъуи ихуащ тхыдэхэм. Хъыджэбзхэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ яIащ: Марие (12.01.1897 - 1919 гъэм мынэхъ пасэу) къиухат Петроград дэта Елизаветинскэ институтыр, Софие - Москва и Александро-Мариинскэ институтыр.

Тхылъым дыщыхуозэ зи цIэр ди нобэм къэмыса, ауэ тхыдэм **«Черкасскхэз ящыщу пащтыкъ гущIэ»** цIэмкIэ къыхэна бзылъхугъэм теухуа Iыхьэ гъэщIэгъуэнми. Ар къыщалъхуа гъэм зыри щыгъуазэкъым, ауэ 1920 гъэм дунейм ехыжащ. Бзылъхугъэр къыхуоу гукъэкIыж зыбжанэ зытхыжахэм я тхыгъэхэм, ауэ и гъащIэмрэ ИужькIэ щIэныгъэ иIыгъэ къулыкъымрэ нэхъ гурыIуэгъуэу жызыIэжар зы закъуэщ: «Юнкер батареем и фельдфебель сымыщIыху гуэрым и кIуэдыкIар къызжаIэжащ, - къыщIедзэ абы и тхыгъэм. - Ар бзылъхугъэ щIалэ дыдэт, «Черкасскхэз ящыщ пащтыкъ гущ1э» цIэр теIукIуэу. Зэгуэрым батареем и етIуанэ взводым зы хъыджэбз дахэ лъагэшхуэ, зауэлI шинелри щыгъыну, къыхьэхьэри, жиIащ: «Черкасскхэз сащыщ пащтыкъ гущ1эщ». Апхуэдэуи абы гупым хэтхэр щыгъуазэ ищIащ и адэ-анэмрэ и дэлъхумрэ большевикхэм зэрауKIрэ куэд зэрымыщIар, абы къыхэкIыу къулыкъу ищIэну фIэфIу езыр къызэрыкIуар. Апхуэдэуи хъыджэбзым дыщIигъуат шы тесыкIэм зэрыхуэIэкIуалъэкIуэр, нэщанэ зэреуэфыр. ЗэрыжиIам хуэдэ дыдэуи, япэ зэхуэзэжи абы зыкъыщигъэльэгъуащ хахуэу, гупыр зыынэтIысу. Псоми ягу ар дыхьати, къыхуэсакъырт. Арщхьэкlэ зэпымыууэ ар зауэм хуеIэрт, псынщIэт, ажалым лъыхъуэми ярейт... Къыпльэсащ ар Малаховым и Iуащ1эм деж. Бийм и къарум пэмыльащу икIуэтын хуэй хъуа лъэсырызекIуэ гупым хэтащ, абдеж щыхэкIыщащ.

Щ1ым елъэлъэх фочышэхэм уэсыр къыдрапхьейрт, хьэуам бзапщIэмэр хэз хъуат... И унагъэмрэ и Хэкумра я пщIэр зэрыраудыхам папщIэ зилъ зыщIэж бзылъхугъэ гуакIуэр щIым ехуэхащ. Абы и хахуагъэр ящыгъупщэрт тэкъым юнкер батареем, иужькIэ генерал Марковым и бригадэм хэтахэм».

АЛХЪО Дыжьын.

● Адыгэ псалъэжьхъэр

Гур зыхуеIэм Iэр лъоIэс

♦Гум пыкIыр гум хохъуэж.
♦Зым и хущ1ъуэр зым и щ1ъхъыщ1.
♦КIапсэр и псыгъуапIэм щыIэпоч.
♦Блэр зытраукIэр и шэрэзщ.
♦Дзыбэ дзыусщ.
♦Къэуанэкlэ псы зэрехьэ.
♦Псыкъуий мастэкIэ къэтI.
♦Фыз быдэ илI хьэлэлщ.
♦Къуэ закъуэрэ нэ закъуэрэ.
♦Жьым тесу псым йопыдж.
♦Изрэ ныкъуэрэ зэрыщIэркъым.
♦Ахъшэ и куэдмэ, делэми, пщыщ.
♦Мыдэф и Iуданэ кIыхьщ.
♦Ибэр бэшэчщ.
♦Дыщэ унэ нэхъро - уи унэжь.
♦Гур зыхуеIэм Iэр лъоIэс.
♦Лэжьэнкlэ уашхэщ, шхэнкIэ дыгъужьщ.
♦Пагэр мэгыз.
♦Быдэи анэр гъырхъым.
♦ФIы щIэн, псым хэдзэ.
♦Зи жьэ куэд жиIэм и Iэ куэд ищIэркъым.
♦Iуэхуншэ псэлъэрейщ.
♦Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щыIIыхъужьщ.
♦Вы хъунур шкIэ щыкIэ уощIэ.
♦Жьым еубзи, щIэр гъэгушхуэ.
♦Яхуэмыущий ущиекIэ Iэзэщ.

Пщэдджыжь уэсэпсым хэлъ хущхъуэгъуэр

«Адыгэ цIыхубзым и лъы ткIуэпсым зы щыху ныбжь егъэкъэбзэф», - жиIэгъащ урыс театр школым и теоретик щIэрыIуэу щыта Немирович-Данченкэ Василий.

ШЭРДЖЭС бзылъхугъэхэм я дахагъэм зэрыкIэлъыплъыж щхэхуэр яIэжт, анэм пхъур хуигъэIущу ижь-ижьыж лъандэрэ къадекIуэкIыу. Псом нэхърэ нэхъыщхьэу абыкIэ кьагъэсэбэпри щIыуэпсым кьарит Iэмалхэрт. Кьагъэнэ, нэгъуэщI лъэпкъ куэдми хуэдэу, адыгэхэми я фэрэ дахэу щытын щхьэкIэ, Iэмалыфlу кьагъуэтат пщэдджыжь уэсэпсыр. АбыкIэ зытхьэщIыныжкIэ цIыхубзым и махуэр хьщIидзэрт. КьищIынэмыщIауэ, уэсэпсым лъапцIэу кьыщацIухьырт, лъакъуэм дежкIи ар сэбэпти. Шэрджэс бзылъхугъэхэм я напэр хужьу, ущцэзкIэщIэплъу щIыщытыр абы и закъуэтэхъым. Зыщатхьэщ1кIэ, псымрэ сабыныжрэ я пIэкIэ, абыхэм кьагъэсэбэпыр щэжьыпсыр. Адыгэхэм яфIэкъабылтэкъым дыгъэрысыфэр. ЦIыхубзхэм шхум кьыхащIыкIыурэ напэр хужь зыщIэхэр щдахэрт, апхуэдэуи уэгуш нэкIуэр хагъэтъуэщэфырт кхъуейлалъэ кьызыхаха щэжьпсIэ. Адыгэ бзылъхугъэхэм я дахагъэр кьэзыгъэлъагъуэ зы нэщэнэт фэрэкI напэ Шэрджэсым уэзрыщIримыхьэлIэри.

ЦIыхубзым и теплъэм и дахагъэр кьэзыгъэлъагъуэм щыщщ абы телъ щхьэщыр. Ари егугъуу зэрахьэрт адыгэ бзылъхугъэм. ПхъэмажьэхэрэбжьэщIэу зыхэт псыжьмкIэ, пхъэрыкъуэфым, нэгъуэщI къэкIыгъэхэм я дагъэкIэ яГэкъабзэрт. Мыпхэдэ Iэмалхэр ноби кьэзыгъэсэбэп куэд щыIэщ икIи ар щыхьэт тохъуэ дахагъэм и щэхуэр адыгэ бзылъхугъэхэм ижьижьыж лъандэрэ зэращIэм.

Япэ, етIуанэ классхэм щIэсхэмэ абыхэм я адэ-анэхэмрэ зыхэта гупыр.

● Зэпеуэхэр

ЩIэблэм дытелажьэху

ХьэтIохъущокъуэ Къазий и цIэр зезыхьэ Адыгэбзэ Хасэм иригъэкIыжI лэжьыгъэхэм нэмыщI, мы гъэм щIэуэ къыхихьхащ «Уэсэпсэ» зыфIищэ хэгъэгу зэпеуэр. Абы къырихьэлIат адэшхуэ-анэшхуэхэри, адэ-анэхэри, адыгэбзэмрэ литературэмрэ езыгъэджэхэри, пэщIэдзэ классхэм щIэс цIыкIухэри.

IУЭХУМ хэпльэну, сабийхэм я зэфIэкIкIэ ныкъыгъэкIыжынымкIэ щIэблэм ятIонэрэ ныкъыгъэкIыжынымкIэ ятIонэрэ ныкъыгъэкIыжынымкIэ ятIонэрэ ныкъыгъэкIыжынымкIэ